



# Jumat, 11 februari 2022

## Bahasa Sunda Biantara

Prek baca terus kerjakeun soalna!

**A. Ngaregepkeun Biantara**  
**Hayu urang ngaregepkeun biantara!**

Jam 09.00.  
Di buruan kantor RW XII, tos ngarumpul warga, bapa-bapa, ibu-ibu, jeung barudak. Kitu deui, nu rék masihan biantara, nyaéta patugas ti Dinas Kaséhatan Kota. Ceramah nu rék didugikeunana ngeunaan "demam berdarah".

**Kaséhatan Masarakat**



Sumber: [www.kkabanten.com](http://www.kkabanten.com)

Assalamualaikum wr.wb.  
Bapa-bapa, ibu-ibu, sadaya nu sumping, sim kuring ngahaturkeun wilujeng tepang. Mugia urang sadaya dipasihkeun kaséhatan, kabagjaan, kabarakahan, ku Allah Nu Kagungan, Nu Mahaséhat.  
Nu badé didugikeun ku sim kuring dina kesempatan ayeuna, nyaéta perkara kasakit "demam berdarah".  
Hadirin sadaya!  
Saleresna mah urang sadaya ogé parantos terang. Naon stuh kasakit demam berdarah téh?

1. Anu masihan biantara diburuan kantor RW XII nyaeta ...
  - a. Patugas ti Dinas Kesehatan
  - b. Ibu Dokter
  - c. Bapak RW
  - d. Ibu Guru
2. Anu didugikeun dina biantara ngeunaan ...
  - a. kadaharan 4 sehat 5 sempurna
  - b. covid -19
  - c. demam berdarah
  - d. lingkungan bersih
3. Assalamualaikum wr.wb.  
Bapa-bapa, ibu-ibu, sadaya nu sumping, simkuring ngahaturkeun wilujeng tepang.  
Kalimah di luhur kaasup bagian biantara nyaeta ....
  - a. bubuka
  - b. isi
  - c. panutup
  - d. lampiran

Éta kecap, teu kedah diterjemahkeun kana basa Sunda.Éta mah mangrupa istilah. Teu janten "haréng getihan". Tuh, apan jadi teu kahartos, maksudna janten teu puguh.

Bapa-bapa, ibu-ibu!

"Demam berdarah" téh akibat urang teu maliré kana kabérsihan. Runtah nalamburu sapaparat jalan. Pabalatak di juru pakarangan. Kitu deui, susukan atawa kamalir calina diantep ngeuyeumbeu. Runtah plastik nyocok, mendet. Tah, nu kitu téh bisa ngadatangkeun hawa teu seger, barau, ngabalukarkeun panyakit. Reungit nyarayang, ngarendog. Megar jaradi utek-utek, jaradi reungit déwasa. Rabeng néangan jelema cocoeun, dicoco saurang, terusna mah nerekab tatalepa ka unggal jalma.

4. Di handap ieu kalakuan nu bisa nyebabkeun demam berdarah, iwal ...
  - a. Miara kabersihan
  - b. Cairna ngeuyeumbeu
  - c. runtah nalamburu sapaparat jalan
  - d. pabalatak runtah di pakarangan



Tah, ku sabab kitu, urang kedah resep hirup beresih, berséka. Beresih, séhat di lingkungan imah, di sabudeureun buruan. Buruan jalening, susukan caina lancar ngocorna.

Jadi, kaséhatan masarakat kacida pisan ayeuna mah ditangtu-keunana ku lingkungan anu beresih. Nu teu beresih bisa ngalantarankeun datangna rupa-rupa panyakit.

Panyakit nu kacida dipikasieunna nyaéta panyakit "demam berdarah"

Ngartos, bapa-bapa?

Uninga, ibu-ibu ayeuna mah?

Urang kedah kacida bersékana, bersih lingkungan. Kitu deui, diri urang ogé apan kedah séhat.

Urang sadaya kedah merhatoskeun kaséhatan masarakat. Ciri-ciri, gejala "demam berdarah" nyaéta dingawitan ku awak panas ngadadak, antara 38-40 derajat *Celcius*, narokrok beureum dina kulit, beureumna téh akibat tina bituna pembuluh darah. Lamun seug dipariksa getih bakal katangén yén turunna kandungan trombosit.

Nu ngalantarankeun katarajang "demam berdarah" nyaéta alatan virus *dangué* nu dibawa ku reungit (nyamuk *Aédés Aegypty*). Panyakit "demam berdarah" bisa disinglar ku cara ngabasmi sayang reungit.

5. Nyamuk *Aedes Aegypty* mawa virus *dangué* nu nyababkeun panyakit ... .

- |          |                   |
|----------|-------------------|
| a. cacar | c. deman berdarah |
| b. tyfus | d. disentri       |

6. Dihandap ieu ciri-ciri jalma anu kena panyakit demam berdarah, nyaeta ... .

- |  |   |
|--|---|
| a. Narokrok kulitna warna beureum          | c. suhu awakna diantara 36°C-36°C             |
| b. Hasil tes lab nunjukkeun trombosit naek | d. hasil tes lab nunjukkeun eritrositna turun |

Nu ngalantarankeun katarajang "demam berdarah" nyaéta alatan virus *dangué* nu dibawa ku reungit (nyamuk *Aédés Aegypty*). Panyakit "demam berdarah" bisa disinglar ku cara ngabasmi sayang reungit.

Hadirin, tos terang 3M?  
Uninga, Pa? Naon panjangna 3M?

**Pamekar Diajar BASA SUNDA** Pikeun Murid SD/MI Kelas VI 73

M nu kahiji menguras  
M nu kadua menutup  
M nu katilu menimbun/mengubur

Jadi, 3M téh program kaséhatan masarakat nu ayeuna keur digiat-keun mariksa utek-utek, ientik reungit ku iumantik (iuru bemantau ientik)

7. Salah sahiji cara ngabasmi sayang reungit bisa ku 3 M, di handap ieu kaasup contoh 3 M di lingkungan imah, iwal ... .

- |   |                                     |
|---|-------------------------------------|
| a. menguras bak paranti mandi               | c. nutup paranti nyimpen cai bersih |
| b. ngubur botol jeung kaleng nu teu kaanggo | d. miara kabersihan awak            |

8. Kalimah nu sasuai jeung panutup biantara di luhur nyaeta ... .

- |   |
|---|
| a. Sakitu baé biantara ngeunaan DB, sareng cara ngabasmna.<br><i>Wassalamualaikum, wr.wb.</i><br>Hatur nuhun. |
| b. Bapa-bapa, Ibu-ibu. Tos terang ayeuna mah, sangkan teu   |



c. *Assalamualaikum wr.wb.*  
 Baba-bapa, Ibu-ibu, sadaya nu sami sumping, sim kuring ngahaturkeun wilujeng tepang. Mugia urang sadaya dipasih kaséhatan, kabagjaan, kabarokahan, ku Alloh Nu Kagungan, Nu Mahaséhat.

d. Baba-bapa, ibu-ibu!  
 “Demam berdarah” téh akibat urang teu maliré kana kabérsihan.  
 Runtah nalamburu sapaparat jalan.

9. Amanah biantara diluhur nyaeta ... .

- a. Warga kudu ngajaga kebersihan sangkan teu kena panyakit Demam Berdarah.
- b. Lamun kena panyakit Demam Berdarah kudu langsung dibawa ka dokter.
- c. Cara ngajaga diri sangkan teu kena demam berdarah nyaeta olahraga .
- d. Upami palay ngabasmi nyamuk demam berdarah kudu make obat nyamuk merk baygon.

10. Biantara teh mun di Bahasa Indonesia sarua hartina sareng ... .

- a. pidato
- b. wawancara
- c. ceramah
- d. nasihat

**Jodohkeun kecap di handap nu aya dina kolom A jeung artina dina kolom B.**

A	B
ABATE	Kegiatan nu dilakukaeun ku puskesmas jeung kalurahan satempat keur ngabasmi nyamuk Aedes Aegyptiku kucara nyemrotkeun aseupnu kaluar tina alat .
FOGGING	Endog nyamuk nu megar jadi larva. Nu umurna 7-10 poe. Cicingna dina cai nu ngeuyeumbeung.
JENTIK	Obat anu bisa ngurangan atawa maehan jentik nyamuk tina cai bersih
LALEUNING	Hararerang, bararesih
hareeng	Teu ngeunah awak kusabab katarajang panyakit. Mun make thermometer nunjukkeun suhu awaknya langkung ti 37°C